VOLKSHOCHSCHULE OÖ
INSTITUT INTERKULTURELLE PÄDAGOGIK
zusammen-bilden
Bulgariplatz 12
4020 Linz
0732/ 66 11 71-42
institut@vhsooe.at

# Мотт 1амош г1о даран к1ира

„Меттан исбаьхьалла хьох адамаш кхетарехь ю“ (Конфуций/Конг Кви)

SFW SPRACHFÖRDERWOCHE

„Мотт 1амош г1о даран к1ира“ – иза лахарчу классашкарчу берашна (Pflichtschulkinder) мотт 1амор а, дешарш 1амор а аттачу даккха 1алашонца кхоьллина программа ю. Коьртачу декъехь интенсивечу хьесапехь немцойн мотт 1амош г1о дан 1алашо ю цуьнан. Каникулаш чекхйевллачул т1аьхьа вуно дикчу педагогаша а, 1уналладархоша а керлачу дешаран шарна кечдийр ду бераш. Дешар атта а, интересе а хоьтуьйтучу хьелашкахь немцойн мотт хьалхара мотт болчеран а, иза шозлаг1а мотт болчеран а меттан хаарш карладохур ду, ца хуург 1ама а дийр ду.

Цу программин 1алашонех цхьаъ ю иштта наной а мотт 1аморна юккъе озор. Цундела церан а аьтто хир бу леринчу немцойн меттан курсехь дакъалаца. Цу курсехь къаьстина 1амор ю ишколаца йоьзна а, х1ора дийнахь дахарехь дуьйцуш долчу х1умнашца йоьзна а йолу теманаш.

## 1алашонаш

- Немцойн меттан хаарш карладахар, к1аргадар
- Ишколана кечам бар
- Ишколаний, дай-наношний, берашний юккъехь йолу уьйранаш а, коммуникаци а тояр
- Дакъалоцуш долчу берашна деша дог доуьйтуш мотиваци яр
- Дакъалоцуш долчу берийн а, церан нанойн а шайх ницкъех тешар алсамдаккхар
- Дакъалоцуш болчеран социалан а, интеркультуран а компетенцеш алсамйахар.
- Юкъараллехь вовшашна г1одар а, уьйраш а ч1аг1йар.

## Программа

IIP цхьаьнакхетаралло д1ахьош долу мотт 1амош г1о даран к1ира дукхахьолехь ишкол д1айолаеллачу хьалхарчу к1иранахь 13.00 сахьт даьлча 16.00 даллалц д1ахьо. Бераш шайн шерашка хьаьжжина кхаа тобане доькъур ду. Ткъа еалг1ачу тобанехь наношна лерина немцойн меттан курс д1ахьур ю. Цу курсехь болчу нанойн аьттона берашна деш 1уналла хир ду.

Урокашкахь къаьстина тидам бийр бу къамел шардарна а, х1ума дийцарна а, ткъа иштта еша а, тексташ язъян 1аморна а. Урок д1айолучу хенахь бешахь я спортзалехь цхьаьний мотт 1аморца а, нахаца къамел дийцарца а доьзна ловзарш д1ахьур ду.